

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil déskripsi jeung analisis aspék psikolinguistik sosial dina babasan jeung paribasa pikeun ngagambarkeun gambaran watek urang Sunda dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun jadi sababaraha hal anu dipedar di handap ieu.

a. Babasan jeung Paribasa Sunda anu Aya Patalina jeung Aspék Psikolinguistik Sosial

Babasan jeung paribasa Sunda saupama dikumpulkeun tina sumber tinulis jumlahna bisa leuwih kana 1000 data. Tina éta kumpulan data kapanggih data anu aya patalina jeung aspék psikolinguistik sosial sarta ngagambarkeun watek urang Sunda anu jumlahna aya 300 data.

b. Aspék Psikolinguistik Sosial

Aspék psikolinguistik sosial nya éta jihat batin basa anu patali jeung aspék sosial basa. Aspék psikolinguistik sosial anu diwangun dumasar tina data babasan jeung paribasa aya genep rupa, nya éta:

Kahiji, aspék gotong royong. Hal anu patali jeung aspék gotong royong nya éta migawé hiji hal sangkan leuwih ringan jeung hasilna leuwih nyugemakeun, saperti anu kaugel dina ungkara: *Paheuyek-heuyek leungeun*, anu hartina gawé bareng, silih bantuan, pasokong-sokong.

Kadua, aspék silih tulungan. Hal anu kaugel dina aspék silih tulungan nya éta silih bantuan jeung sasama dina nyanghareupan masalah anu karandapan. Saperti anu karekam dina babasan: *Silih élédan* anu hartina, ‘Silih éléhan, silih agéhan, henteu aya nu hayang meunang sorangan, tapi silih bantuan dina sagala hal.’

Katilu, aspék silih hargaan. Dina enggoning nyanghareupan jalma anu béda-béda ayana silih hormat jeung silih hargaan waktu hirup kumbuh, jadi hal anu penting. Tujuanna nya éta sangkan taya anu ngarasa raheut manah ku

kalakuan atawa ucapan anu dilakukeun. Ieu hal luyu jeung paribasa *Hadé gogog hadé tagog* anu hartina, nya éta: hadé basa, budi parangi, jeung sikep, nyaho tata-titi.

Kaopat, aspék tali mimitran. Ieu aspék ngagambarkeun rupa-rupa hubungan sosobatan anu dipimilik ku masarakat Sunda, hususna anu kapanggih tina babasan jeung paribasa minangka aspék psikolinguistik sosial masarakat Sunda. Contona waé: *Lir jeung dulur pet ku hinis* anu hartina, nya éta: sosobatan jeung deungeun-deungeun tapi ku medok-medokna nepi ka jiga jeung dulur patungturun hulu.

Kalima, aspék kakulawargaan. Ieu aspék medar ngeunaan hubungan jeung rasa anu karandapan sacara kulawarga boh jeung dulur sagetih boh jeung deungeun-deungeun. Contona bisa diilikan dina paribasa: *Pétot béngo dulur sorangan*, anu hartina, nya éta: sanajan boga dosa, dina seuhseuhanana mah ka baraya moal téga ngantep mun aya karerepet.

Kagenep, aspék sauyunan anu ngagambarkeun prinsip babarengan urang Sunda dina hirup kumbuhna. Contona atra katitén dina babasan: *Sapapait samamanis* ‘Sabagja, sacilaka, sauyunan, boh keur senang boh keur cilaka.’

c. **Gambaran Watek Urang Sunda tina Babasan jeung Paribasa**

Jumlah watek anu kagambar dina babasan jeung paribasa aya 59. Eusi dina ieu panalungtikan ngeunaan gambaran watek urang Sunda dipedar dumasar kana kelompokna nya éta, dumasar tipologi kabudayaan, watek campuran tipologi, digolongkeun jadi watek husus, sarta watek anu kapanggih dina babasan jeung paribasa Sunda.

Gambaran watek urang Sunda anu dibagi dumasar kana tipologi kabudayaan nya éta jadi: (1) manusa téori; (2) manusa ékonomi; (3) manusa éstétis; (4) manusa agama; (5) manusa sosial; jeung (6) manusa kawasa. Unggal kelompok tipologi miboga ciri has anu tangtu. Manusa téori nya éta tipe jalma anu pinter, objektif, tara basa-basi, jeung resep kana élmu pangaweruh. Manusa ékonomi nya éta jalma anu udagan hirupna sangkan

mapan dina segi ékonomi. Manusa éstétis nya éta jalma anu dorongan sikep batinna leuwih museur kana kaéndahan jeung tinimbangan rasa. Manusa agama nya éta tipe jalma anu ngajalanana hirupna luyu jeung papagon agama anu diagemna. Manusa sosial ogé teu bisa hirup nyorangan, sarta ngarasa bungah saupama bisa méré mangfaat keur balaréa. Pamungkas jalma kawasa nya éta tipe jalma anu miboga udagan hayang miboga kalungguhan atawa kakawasaan anu luhur.

Gambaran watek campuran tipologi kabudayaan nya éta gambaran sababaraha watek anu bisa kaasup kana dua atawa leuwih tipologi watek. Watek anu bisa kaasup kana sababaraha tipologi ieu jumlahna aya lima watek, nya éta: (1) individualis; (2) éfisién; (3) progrésif; (4) ambisius; jeung (5) sarakah. Watek individualis dipimilik ku tipe manusa téori, ékonomi, jeung éstétis. Lantaran hal anu dianggap utama keur tilu tipe jalma ieu lain pikeun kapentingan nu séjén. Watek éfisién dipimilik ku tipologi manusa téori, ékonomi, jeung kawasa. Lantaran miboga karancagéan gawé anu éfisién bakal leuwih ngagampangkeun pikeun ngahontal udagan maranéhna. Watek progrésif aya dina tipologi watek manusa téori, ékonomi, jeung kawasa. Lantaran miboga pikiran jeung cara gawé anu progrésif dibutuhkeun pikeun ngahontal udagan anu ditangtukeun ku manusa téori, ékonomi, jeung kuasa. Watek ambisius luyu jeung ieu matek nya éta manusa ékonomi jeung manusa kawasa. Lantaran biasana nalika aya jalma anu miboga udagan kana harta atawa kakawasaan sok tara mundur nepi ka anu dipikahayangna tinekanaan. Sarta watek sarakah, ieu watek bisa tumerap ka tipe jalma ékonomi anu mikahayang harta, ka manusa kawasa anu ngudag kalungguhan, jeung anu ka manusa téori anu hayang mikanyaho élmu pangaweruh.

Gambaran watek husus nya éta watek anu baris diguar sifatna fleksibel jeung teu nyoko kana tipe jalma dumasar kana tipologi. Jadi bisa waé dipimilik ku sakabéh tipe tipologi. Jumlah watek husus ieu aya 22, nya éta: (1) jujur; (2) amanah; (3) rajin; (4) rapih; (5) siaga; (6) béréhan; (7) *terbuka*; (8) rumasaan; (9) nembrak; (10) teu gurung gusuh; (11) curigaan; (12) sok titiru; (13) ngolot; (14) naif; (15) récok; (16) gampang ambek; (17) heuras;

(18) kasar; (19) teu bisa dipercaya; (20) licik; (21) borangan; jeung (22) kedul.

Pamungkas gambaran watek tina babasan jeung paribasa. Ieu watek kapanggih sabada niténan tina jihat harti babasan jeung paribasa. Jumlah watek anu kapanggih aya genep, nya éta watek: (1) wanian; (2) pangger; (3) adil, (4) teu adil (5) adigung; jeung (6) sok ngahasud.

d. Patalina Babasan jeung Paribasa Sunda jeung Aspék Psikolinguistik Sosial pikeun Ngagambarkeun Watek Urang Sunda

Patalina babasan jeung paribasa Sunda jeung aspék psikolinguistik sosial dina ngagambarkeun watek urang Sunda bisa dititénan tina wangenan aspék psikolinguistik sosial anu hartina interprétasi gagasan ngeunaan hal anu patali jeung jihat batin basa dina wengkuan sosial (urang Sunda). Sanggeus kitu, dihubungkeun kana fakta yén wengkuan sosial urang Sunda bisa ébréh ngaliwatan babasan jeung paribasa Sunda, lantaran eusi babasan jeung paribasa nu réréana ngungkara keun ngeunaan rasa jeung pikiran urang Sunda.

Aya sasaran tina *jihat batin basa* tina aspék psikolinguistik sosial jeung *eusi rasa jeung pikiran* urang Sunda. Sarta lantaran gelarna babasan jeung paribasa asalna tina wangun basa lisan jeung tulisan sarta ngandung rasa jeung pikiran urang Sunda, écés katémbong babasan jeung paribasa ngandung énas-énas aspék psikolinguistik sosial. Ti dinya bakal gampang kasawang gambaran watek urang Sunda anu raket dina hubungan sosialna.

Urang Sunda nya éta hiji komunitas étnis anu kawangun ku unit kelompok kulawarga anu eusina mangrupa individu-individu. Di henteu-henteu ogé peran lingkungan pasti mangaruhan pola pikir, kitu ogé anu kaalaman ku unggal di individu di sakabéh daérah anu disebut Sunda. Ku kituna, hadé jeung goréng paripolahna bakal napak dina tingkah laku unggal pribadi. Sangkan bisa ngolah paripolah jadi watek anu hadé tangtuna hal anu mimiti kudu dilakukeun nya éta mikawanoh. Ayana ieu panalungtikan, mangrupa salah sahiji tarékah pikeun mikawanoh énas-énasna jati diri urang Sunda. Lain keur mertahankeun sagala

sacara gembheng tapi supaya bisa ngajieun urang bisa miceun watek diri anu goréng jeung mertahankeun anu alus.

5.2 Saran

Babasan jeung paribasa Sunda lain ngan mangrupa produk heubeul anu cukup dipikawanoh hungkul. Tapi babasan jeung paribasa Sunda mangrupa folklor lisan anu euyeub ku ajén-inajén anu gedé gunana pikeun kahirupan masarakat Sunda. Ku kituna, loba kénéh hal anu masih kénéh bisa diguar tina babasan jeung paribasa Sunda anu can ditalungtik. Aya sababaraha saran nu baris ditepikeun dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. Ieu panalungtikan kawatesanan kana aspék psikolinguistik jeung gambaran watek urang Sunda anu kapanggih tina babasan jeung paribasa Sunda hungkul. Teu nutup kamungkinan panalungtikan ngeunaan aspék psikolinguistik jeung gambaran watek urang Sunda bisa leuwih jembar saupama ngagunakeun sumber data folklor séjénna.
- b. Hasil panalungtikan bisa jadi gambaran pikeun mikanyaho watek anu dipimilik ku urang Sunda. Ku kituna, dipiharep sangkan bisa ngajadikeun urang Sunda bisa leuwih mikawanoh jati dirina tur bisa robah jadi pribadi anu leuwih hadé.